2. Shalawatan Emprak sebagai pusaka warisan budaya sangat berpotensi untuk dikaji lebih dalam. Agar nilai-nilai, norma, etika di dalamnya bisa lebih terungkap. Semoga ada kelanjutan dari penelitian ini.

DAFTAR PUSTAKA

Buku

- Abdurahman, Dudung, *Pengantar Metode Penelitian*, Yogyakarta: Kurnia Kalam Semesta, 1993.
- Amin, Darori (ed.), *Islam dan Kebudayaan Jawa*, Yogyakarta: GAMA MEDIA, 2000.
- Hadi, Sumandiyo *Sosiologi Tari*, Yogyakarta: Pustaka, 2007.
- Hakim, M. Arief (ed.), *Cahaya Cinta Rasul Utama*, Yogyakarta: LKPSM, 1999.
- Ikram, Achadiati, *Filologia Nusantara*, Jakarta: Pustaka Jaya, 1997.
- Jabrohim dan Saudi Berlian (ed.), *Islam dan Kesenian*, Yogyakarta: Lembaga Litbang PP Muhammadiyah, 1995.
- Kutha Ratna, Nyoman, *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian sastra*, Yogyakarta: Pustaka Pelajar, 2004.
- Mahmoed, Soelaiman., *Sejarah Peringatan Maulid Nabi Muhammad SAW*. Jakarta: CV. USRAH, 1979.
- Martin Van Bruinessen, *Kitab Kuning Tradisi, tradisi dan tarekat: Tradisi-tradisi Islam Indonesia*, Bandung: MIZAN, 1999.
- Maxwell, J, *Designing Qualitative Study, dalam Handbook of Applied Social Research Method*, Leonard Bickman (ed), 1998, London: Sage Publication
- Moeloeng., *Metodologi Penelitian Kualitatif*. 2001 Bandung: Rosda Karya.
- Murtadho. M., *Islam Jawa:Keluar Dari Santri vs Abangan*, Yogyakarta: LAPERA PUSTAKA UTAMA, 2002
- Musyarof, Ibtihadj (ed.), *Islam Jawa*, Yogyakarta:TUGU PUBLISER, 2006.
- Niko, Kaptein, *Perayaan Hari Lahir Nabi Muhammad SAW: asal-usul dan penyebaran awalnya;sejarah di Magrib dan Spanyol sampai Abad ke-10/ke-16*, Jakarta:INIS, 1994.
- Rumtiansih, Irma (ed.), *Shalawatan Gembrungan Mutiara budidaya Jawa-Islam*, Ponorogo: STAIN Ponorogo Press, 2010.
- Sedyawati, Edi, *Pertumbuhan Seni Pertunjukan*, Jakarta:Sinar Harapan, 1981.
- Shodiqin, Ali (ed.), *Islam dan Budaya Lokal*, Yogyakarta: PKSBI, 2009.
- Simuh, *Islam dan Pergumulan Budaya Jawa*, Jakarta: Teraju, 2003.

Soehadha, Moh, *Metodologi Penelitian Agama (kualitatif)*, Yogyakarta: SUKSES Offset, 2003.

Subrata, Sumardi, *Metodologi Penelitian*, Jakarta: Rajawali Press, 1992.

Sujarwa, *Manusia dan Fenomena Budaya (Menuju Perpektif Moralitas Agama)*, Yogyakarta: Pustaka Pelajar, 2005.

Suyami, *Pergumulan Islam-Jawa dalam Serat Jasmaningrat*, Yogyakarta: KEPEL PRESS, 2008.

Teddy Rusdy, Sri, *Ruwatan Sukerta*, Jakarta: Yayasan Kertagama, 2012

Widiastuti dan Iwan Setiawan (ed.), *Nilai Budaya dan Filosofi Upacara Sekaten di Yogyakarta*, Yogyakarta: Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kota Yogyakarta, 2010.

Website

www.blog.ugm.ac.id

www.wikipedia.co.id

Lampiran I:

Foto Instrument Musik dan Gerak Tari Shalawatan Emprak

Tanggal 12 Juni 2012



Gambar anggota Shalawatan Emprak yang sedang memainkan Gong
Tanggal 11 Juni 2012
(Foto 1: Munir)



Gambar anggota Shalawatan Emprak yang sedang memainkan Kempul
Tanggal 11 Juni 2012
(Foto 2: Munir)



Gambar anggota Shalawatan Emprak yang sedang memainkan Kentang
Tanggal 11 Juni 2012
(Foto 3: Munir)



Gambar anggota Shalawatan Emprak yang sedang memainkan Kendang
Tanggal 11 Juni 2012
(Foto 4: Munir)



Contoh gerakan Sembahan
Tanggal 11 Juni 2012
(Foto 5: Munir)



Contoh gerakan *Ngiting*
Tanggal 11 Juni 2012
(Foto 6: Munir)



Contoh gerakan *Sabetan*
Tanggal 11 Juuni 2012
(Foto 7: Munir)



Contoh gerakan *Srokal*
Tanggal 11 Juni 2012
(Foto 8: Munir)

Lampiran II:

Transiterasi penggalan lakon yang biasa dibabar oleh dalang. Berdasarkan dokumentasi tertulis kelompok Shalawatan Emprak Klenggotan Desa Srimulyo, Kecamatan Piyungan, Kabupaten Bantul.

Rawen I

Anyariosaken wiyos dalem kanjeng gusti Nabi Muhammad, ingkang badhe jumeneng Ratu Agung Sudibyo, ingkang amernoto ing akhire zaman sarwi alon lelampah iro, nuli sesingiran. Ilakhadoroti nabiyl mustofa solallohungalaihi wassalam, sailulillah #byar# anenggih puniko karsanipun Kanjeng Pangiran Yudhonegoro, dados ajudanipun Kanjeng tuwan, ingkang wicaksono, cinondro ingkang wonten samudra, ingkang kerso dalem, nyoto dzikir maulud Nabi coro Jawi. Sareh dene mboten sumerep boso arob dados kadamel boso jawi. Kapieregaken garwaputro wayah utawi ahli sedaya inggal samyo sumerep sarto mangertos cariyosipun maulud nabi. ingkang mugi angsal berkah safangatipun kanjeng gusti ingkang amengkuingrat jagad. Sadoyo ingkang ngasto kuwoso saringat ingkang kaping enem, dados serot cahyo koo nini dumugiyo balanIRO ing garwo putro wayah sedoyo mugi dipunganjar yuswo ingkang panjang dumugiyo momong putro wayah sernakno sakatahipun ingkang dedoso ageng tuwin alit sirnho, saking berkahipun kanjeng gusti muhammad solalohungalaihiwassalam# Anyariosaken miyosipun kanjeng nabi muhammad ingkang badhe jumeneng ratuning kang sudibyo jumeneng ratu agung sudibyo ingkang noto ing akhir zaman. Sarwi alon lelah patembunganIRO.

Syair Iyo Sayyid

Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Bismillah ingsun amuji, Asmane Alloh kang agung//Kang a sifat jalal kamal, Lana sifat qohar karim//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Rohmat asifat kang murah, Paring suko mring kang dasih//Rokhim sifat ingkang asih, Milih wong kang sami asih/Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Alkhamdulillah ingkang, Puji katur maring Alloh//Inkang asih dzat kang edi, Kang pinuji lahir batin//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Inkang mugo aparingo, Pangak somo maring ingsun//Lanparingo rohmat mami, Neadono kanjeng gusti//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Inkang mugi aparingo, Pangak sami maring ingsun//Lan paringo rohmat mami, Nderek lampah njeng gusti//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Wassolatu wassalamu, Ngala Rosulillahih//Mugo aparingo rohmat, Marang kanjeng gusti nabi//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Perbawabe ing ngawiyat, Seruning dasyat sumunu//Sifat dadiyo goro-goro, Kabutnyo njeng gusti nabi//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Cahyo manjur anglir suryo, Gemebyar yen poro carito//Molodi kang pujo moyo, Moyo-moyo a sung bronto//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Munjar-manjur ijowaluyo, Kanjeng gusti Rosululloh//Surem inkang giwangkoro, Kasorotan cahyanIRO// Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh

mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Anglir ingkang basu tontro, Saking suwargo agung//Ngejowantah-ngejowantah, Ingkang poro nabi//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Pasumawur saknaliko, Kanjeng nabi Rosululloh//Mangancering buwono, Waluyo amaladine//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Arum-aru udan gondo, Ngambar mulek sak buwono//Nyoto nur buwat iko, Turuniro milih condro//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Demi Alloh mugo-mugo, Awak ingsun pinaringo//Pinaringo ingkang rohmat, Sing rembani kanjeng nabi//Iyo sayyid utusaningsun, Acekelen dawuh mami//Suntan utus sopo-sopo, Amungno siro pribadi//Ya Alloh aparingo, Kanugrahan maring ingsun//Mogu-mugo sentosoho, Billahi ing dunyo akherat.

Rawen II

He wang sukmo nitahaken kawuloniro gung santoso, nabigung surahing ngalam..Hoong... hoong... ilahing awigeno mastuhu purnomo sidem. Hong, pinongko sabdo, ilahing asmane dzat kang maha misesa awigeno, tegese amernoto ingkang ono, mastuhu angaturaken, sidem, dedep, sirep, datan, ono walang anisik, amung gending lawan kemas, amung manuk engkuk muniyo ono ing tawang## saguning para sokabat sanget deniro angestoaken ing caritaniro sri moho raja kanjeng Rasululloh# ingkang pinaringan asmo aking nabi malikuningrat muhammadinil mustofa khabibul muhtar panotogomo Khalifatulloh. Ingkang jumeneng nguwasani saringat ingkang enem# datan liyan kang rinenggo-nenggo amung panjenengan dalem gusti niyoko ningrat# cinarito duk kolo semono akerso miyose siniwoko# ono dene shokabat iku werno-werno namine lan suwji-wijine# sokabat munasir, iku arane ingkang sak iyek sak eko proyo papat dadi siji, lir satu lan rinembangan sokhabat munasir iku papat akehe# wondene niyoko papat iku pangkat-pangkat palungguhane# suwiji iku sayidina abu bakar, loro sayidina ngumar arane, telu sayidina ngusman arane, papat sayidina ngali arane# onodene niyoko papat iku dewe-dewe panguwasane# sayidina abu bakar iku ungguling perang# sayidina Ngumar iku paugerane meroto ngilmu# sayidina Ngusman paugerane mernoto projo# sayidina Ngali iku pauger anempeni keterangan perkoro saking dawuh dalem, utawi perkoro ingkang kunjuk ngarso dalem, tukang wangkang kari ageng pinutro putro# onodene sokabat papat iku podo rusane yen goncang salah sijine, mesti bubrah wismane, wondene niyoko papat wuspodo perjanjian melu anduweni warisan kraton dalem. Wondene putro-putro dalem, sedoyo mboten kari don gentosi kraton ndalem. Yen dereng jumeneng ratu sokhabat papat. Onodene ingkang kaping pindo iki sokhabat muhajir arane. Kang kaping telu sokhabat ansor arane. Kaping papat sokhabat ngali arane. Ngarso dalem ingkang sinuwun kanjeng gusti rasululloh. Datang metang sentono lawan kawulo sifat tunggal agomo. Kaping limo sokhabat nasab iku arane, iku putro sentono ingkang tedak bongso hasyim utowo bongso quraish. Wauto apan peryayi pertandane ratu agung mulyo kasosro ing roh buwono. Tuha kekasihing juwang sukmo, perbawaniro wus ngayomi ing ngakoso, amaladi sumung-sumung mowotejo, sungkowo ing driyaniro. Lajeng tumeko ing tawang manekung ing

driyaniro. Sarwi mencereng ing tingaliro, anganteng aken, ingkang proyo, cercleret taukhiding nolo. Dahat katingal menyang kontho-kontho, jadab ing maqom fana sulung ing jadab iro terus ing ngarso, tanpo antoro, plas sirno, sap nyang angkoso lan sapto buwono ingwus tanpo werno. Jumbuhing roso nur mulyo amung katingal dzat jalal kamal kadyo suwoco. Saiun wakhidun. Wus kadiyo satu lan rinebangan. Wahuto saklebetipun jadab wonten maqom fana lilahi tangala. Wahuto sampun sowan wonten ngarso dalem, dahat manglem bahaning sukmo anenuwun aken pangapuro ing dasih iro sedoyo. Wahuto nengno ingkang sowan wonten ngarso kursi kencana. Kocapa ingkang samiyo suwan wonten ngarso dalem gusti khabibullah, warno-warno rupane lan mawarno-warno busanane makonto-konto pasawananiro, kang iju golong samyo iju kang seto golong samyo seto kang kuning golong samyo kuning retno dadu lengking samyo golong piyambak. Pating semborot. Pating palejur, pating kariyek iju waluyo amohe dadiyo seneting projo, yen sinawang lir puspito mangijering campur. Lah sinawang seniting imo-himo kaimbuhan sunaring baskoro. Yen tiningal sumunduling ngindro buwono, surem-surem sang zuwang giwang koro kasorotan cahyani nalindro tomo. Jumbuh sorote abdi dalem, sungkem tumungkuling kismo, manembah suku sak ngusape lebu. Tansah mangareping waspo. Wondene kutukutu walang ngatogo satu kumelip satu dumadi yento biso toto jalmo samyo asung salam sedoyo.khormat ingeluhurake panjenganiro gusti sang prabu. Inggang miseso kanjeng gusti rasululloh. Wondene kayu, watu, segoro, gunung, angin, mino, menyang tirta, buron daratan miwah samudro, khurmay iro bedo-bedo, datan podo, yen rinungu suwaraniro. Harum dahat kangasnyo mawiletan tansah agawe kappo ilo-hilo, wiletmulet tansah kungusing asmoro tontro mewah isining langit sapto khurmat sedoyo tekbro suryo baskoro rekto menyang konto-konto samyo angsum salam sedoyo. Opodene satu khiwan lan derbakan suku loro lan suku papat, opodene jin mewah manungso samyo angsum salam sedoyo, mawarno-warno, yen sinawang lir puspito kasurutan Sang Hyang Rudibyo...

Pamularsih

Ono ing sasi mulud, Ing tanggal kalih welas, Tahun fil tahun gajah, Sumedyo ngerusak kakbah, Miyo sipun kanjeng nabi, Dinten isnen pun pringati, Zaman abrohah wong drengki, Nungganggah kabeh mati.

Syair Angsum salam

Asung salam kulo gusti, ing maring ngandiko//Gusti kulo kang lagiyo handon-handon lelono//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Muderining poro anbiya//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Kang dahat ngelembanisukmo//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Sang kakung wening cipto//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Mulo genyo poro noto//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Kang tumurun sing jumanoro//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Ahmat minterannyo nyawang sukmo//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Kang langkung

tankeno musibah//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Usadane poro nendro//Asung salam, Kulo angger, //Maring ngendiko nabi kito 2x, Kang asmo ahmad Muhammad//Asung salam Kulo angger, //Maring ngendiko nabi kito 2x, Tuhu kang mantep sasinyo//Asung salam, Kulo angger//Maring ngendiko nabi kito 2x, Kang sedayaning pujo//Salam kulo maring, Kakung bagus priyonggo//Maring ngendiko, Nabi agung yang kas durto//Salam kulo maring, Sang agung prihatinnyo//Maring ngendiko, Sang kakung munderining jalmo//Salam kulo maring, Prabu wulan sampurno//Maring ngendiko, Kang dadi damaring ngalam//Salam kulo maring, Kakung tejani tontero//Maring ngendiko, Sang agung suryaning ngadoko//Salam kulo maring, Pangalimbunganing karto//Maring ngandiko 2x, Nabi kang darbi mukjizat//Salam kulo maring, Kang nuduhaken utomo//Maring ngandiko 2x Sang kakung darben karso//Salam kulo maring, Kakung bagus warnonyo//Maring ngandiko 2x, Sang kakung darbi nyoto//Salam kulo maring, Gusti polomarto//Maring ngandiko 2x, Pangalim nganing wargonyo//Salam kulo maring//Kakung ngundang bejo//Maring ngandiko 2x, Sang kakung sunaring tejo//Salam kulo maring, Yit maning nugroho//Maring ngandiko 2x, Asiho den runtuto kang kawa//Salam kulo maring, Sang kakung utami nirekso//Maring ngandiko 2x, Kang kocak tingalmo tejo//Salam kulo maring, Nerponi poro noto//Maring ngandiko 2x, Kang mermaning delahan//Salam kulo maring, Sang agung sawang 2x, migo//Maring ngandiko 2x, Kang ngagem makuto mulyo//Salam kulo maring, Kakung tesih ciptanyo//Maring ngandiko 2x, Kang ngancani poro nyotro-nyotro//Hai salam kulo maring, Gusti ingkang dinuto//Maring ngandiko 2x, Betu lan kang sanu darmo//Hai salam kulo maring, Maring kang indah wadonyo//Maring ngandiko 2x, Sang prabu catur kepingin nyo//Hai Abu Bakar, Prajurit penantang yudo/Gusti Ngumar 2x, Pusakani poro soleh//Hai Gusti Ngusman, Peramugarine poro noto//Hai Gusti Ngali, Ingkang adil wicaksono//Hai salam kulo, Maring sentono dalem kepinginnyo/Lan kang nderek 2x, Akening gusti sedoyo//Hai salam kulo, Maring sohabat dalem sedoyo//Lan abdinyo 2x, Kang nderek aken sedoyo.

Rawen III

Damar sunar tan keno tinitis #datan liyan ngagungaken, gusti muhammad#wauto, damar sunar tanono pedote, kagugat kaguru-guru mongso, kagugu samyo ngerenuh# datan sanes pinujo puj i# rinenggo-nenggo, amung panjenengan dalem, sang Prabuningrat, kanjeng gusti Rosulluloh, gupito mangayun-ayun kasenetan ing palupi, renggo winaring pujo semedi muji hyang sukmo# apan pernyoto dzat kang moho miseso tuhu kelangkung, den iro mulyakaken dumateng dasih iro pinuju saking ngandap sinegakakeningluhuri derajat iro# sekelangkung deniro luhur angungkuli kang bongso luhur yaa alloh dzat kang andadekake keindahan niro, kelangkung den paringaken dumateng dzat kekasih dalem. Kang prabu Moho Miseso, kanjeng gusti rosululloh, yaa alloh tangala dzat iro paring kamulyan wiwit timur duk tasih nomo bendoro Raden Mas Gusti Muhammad, sakelangkung deniro angla-hela wauto apan pernyoto tandane ratu agung kasosro. Berkah safaatipun kanjeng gusti rosululloh kamulyaniro bleberi romo ibu tuwwin dhumateng ingkang eyang utawi sederek sepuh utawi anom, miwah abdi ageng

tinampi alit, samyo anderek ngeladosi Ing bendoro raden gusti Muhammad yen wong dumawah dadiyo weruh, yen wong lumpuh dadiyo pengkuh yen wong keset dadiyo sregep yen wong gendut dadiyo roso, yen wong loro dadiyo waras tur bagus, wadon olo dadiyo ayu, yen wong apik dadiyo wangi. Bendoro raden mas Muhammad wangine tanpo kondo wangi niro mambu gandering suwargo. Yen wong salaman karo kanjeng rosululloh mulek nggambar wangine satus dino. Yen wong kasrempetsaking kanjeng gusti Muhammad, wangine patang puluh dino, yen wong suwan dawane patang cengkal patlikur dino. Yen wong ireng dadiyo kuning, yen wong kuning dadiyo mencorong yen mencorong dadiyo gilab, yen wong gilab dadiyo gumebyar, yen wong gumebyar dadiyo sumawur iku ilang kemangnusakane manungsa. Manukmo sejati asore dat amadhangi dung ana ngalam roh dahat kapurbo ing kanjeng gusti rosululloh, surem-surem sanyang giwang karo lan seserepane kedadiyan kang mawatedjo. Tek bro suryo baskoro kadyo mangelung ujo waluyo, yen srengigi dadiyo wulan, yen wulan dadiyo rekontho, yen rekontho dadiyo perdhopo, yen perdopo dadiyo kapur, yen kapur dadiyo awu, yen awu daadiyo areng, yen areng dadiyo sirno, yen sirno dadiyo peteng, iku dadiyo pertandane, yen seh agyar iku ora ono asare, malah malah cinarito gusti alloh tangala lan duk anurunaken nudfah iro ingkang romo, raden ngabdulloh pamoring asmoro gomo. Campuring roso moyo manukmo, ing guwo garbane sakdiyah retno ratu aminah, mulyo den bilotaken ing ratu aminah, ora ngerahos awerat, ora ngerahos payah, ora ngerahos gerah tan koyo kang lumrah, lan cinarito duk wiyosipun kanjeng gusti Muhammad. Aneh karungu bayi, ingkang akeh-akeh (*bro!*).

Sangking mergo ino, sampun ngagem celak sarto sampun sunat tanpo kagondo wangine tanpo kiro-kiro, baguse tanpo sesomo, cahyonyo anglir sasongko tenggaknyo, amowo tejo, pating kerelop, paating karelip, mancar-mancur iju waluyo, manise uleng-ulengan, baguse undung-undungan, lan dipun gadang badhe ngendikan mikrojang pangayunan ndalem, badhe dipun paringi perikso isen-isene langit, lan bumi sedoyo, lan den gadang agamanipun, luwih luhur ora ono ingkang ngungkul-ngungkuli lan kanggu zaman akhir., lan dadiyo kembang kidung, malah malah dadiyo linduran sinebut ing saben-saben dino dadiyo tembang-tembangane manungso kabeh, cahyaniro kanjeng gusti rosululloh. ngebaki sakbuwono guwo magrib, guwo masriq kang sungil-sungil miwah kang angel-angel terenjung opo dene kang roto-roto samyo kepadangan cahyaniro, kanjeng gusti rosululloh lan podo jungkel braholo watu sesembahane wong kafir. Naliko wiyosipun kanjeng gusti muhammad. Kaserik ing gusti karoni penggawi ino jengkilang dhamparing ratu, kisro lan iyo iku ratune lagiyo lenggah patang panduriot datan angucapbalane ratu kisro, lan podo ilang akale kabeh, lan mati geni, sembahne ratu paris naliko wiyosipun gusti muhammad lan pinhayon, suwargo mulo ing wengine wiyose kanjeng gusti muhammad lan ambeber ngelmu kuwalen terang nyoto sejatine lahing rikuwahu kasub, gara-garane kanjeng gusti huroiroh kagiri-giri, dedet pater mawaruhan. Jumanggur lor wetan utawi kidul, tanapi kulon, langit bedah, langit mubah gunung gugur, segoro asat, mino mijah, pating gelesah, yen tinggalan sunaring lir timbule samudro loyo.

Syair Montro-montro

Montro-montro kidungane wong ngayoyo//Montro-motro kidungane wong ngayoyo//Sasi mulud,sasi mulud turune cahyo kang mulyo//Anur-anur sorotipun kang sesongko//Kasorotan kasorotan wedanane sang sudibyoy//Muntar-muntar amadangi sak buwana//Isiniro-isiniro ing langit bagiakesamya//Anyar-anyar anggeniro busanane nur kang mulyo//Nura ono-nura ono, kang madani bagus iro//Goyang mundar –mandir, wulan bronto marang gustinyo//Sopo mulat-sopo mulat, ing gustine ilang akalnyo//Mawur-mawur ting semborot, baskoro ilang sunarnyo//Pan kasoran-kasoran ing warnane gusti kulo//Hae putro sentanane, angsal selamat sedoyo//Ratu ingkang menang mekah , ratu kang menang madinah//Pepilihan warno niro, dasar alus budi niro//Kang kondhang dadiyo nyoto, amengkoni sak buwana//Dad rasul luwih mulyo, bejane kang duweni bendhoro//Nabi agung luwih mulyo, gustine para ambiyo//Luwih beja kang nagawulo, Ratu adil poro marto//Soko becik adil iro, sarto adem perintah iro//Aneh-aneh kang llro nganiro, dadi kondhanging wanudyo//Dadi kidungi periyo, ing seberang miwah ing jowo//Rohmate Allah sedoyo, dene sok aken gusti kulo//La ngelmune dadiyo nyoto, lan sratine bongso luhur//Among-among ing dasih iro, denyo adil polo marto//Iku margane utomo, dadi ratu binatoro.

Rawen IV

Perang badar ing ngso kinaso wutat # mirso wingking kang kang kinaryo ngarsi#hoong,,,# Sabet byar lahing kono wahu gentiyo ingkang kocapo, bakalan anglayoni# anyariyosaken kolo perang badar#ngarep ginawe mburi mburi ginawe ngarep# perak ginawe ado-adoh ginawe perak#anenggih punika dawuh dalem ingkang wonten saklebetipun al-Quran#kolo perang badar tegesipun amemulang dumateng sang perabu malikuningrat# sayidil khabibil muhtar panoto gomo, soho angsal serat saking ngaraskursi kencono, ingkang angasto saringat, ingkang jumeneng kaping nenem#hi....hi....hi...kekasih ingsun siro muhammad# elingo siro muhammad, yen siro iku dadi wakil ingsun, siro iku dadiyo utusan ingsun , lan ilingno, wong kang podho lali: yen lali elingno, yen wong eling tuturono, yen wong uwus denger perintahono, yen wong wus nurut perintah iro kasihono, yen wong luput titakno, menowo lali utowo sinejo, ojo age-age deduko marang umat iro# titakno lan antarakno, lan siro iku ingsun utus dadiyo seksi. Ono dene sarate iku ono telung perkoro ingkang dihin arep weruho siro ing wujud lanang utowo wadon lan kaping kepingdho, arep weruho siro , pangucape sing mamang tulisono nuli aturno marang ingsun, ojo luwih ojo sudo iku dununge sidik manjing siro# kaping telu guru arep weruho siro ing sedinane utowo sawengine# dene pertandane bongso lahir wehono penggawihan# saringat rukune islam ingkang limo lan jamangah silaturahim kantilono# lan nuli tibanono hukum pengadilan aangger sing tinggal siro hukumo sing ngelakoni ganjaro, ojo kurang ojo luwih, iku dununge sifat tabelak kang manjing ing siro # dawuh aken dawuh ingsun sakabehe, lan ojo ngelakoni perintah iro dewe ojo ngaku pinter, ngakuho mung sak dermo yoiku dunungi sifat amanat kang manjing ing siro lan kaping pate dawuh ingsun marang siro# ambungahno atine wong mukmin siro cadangno

suwarganingsun, lan cilikno atine, wong kang goroh aken ing siro, siro cadangno neroko ing sun, lan ngabektiyo marang ing sun pomo-pomo lan bibi-bibi huho siro, ngelmu tasawuf bab taukit marang ing sun sebab ngelmu tasawuf iku dadi syarate sokeh wong kang ngelakoni saringat. Sebab iku ing ngaran anggelmuing kang yakin. Kudu arep weruho tatane wong kang nyembah lan kang sinembah . lan kaping limo dawuh ing sun marang siro iku sun paringi nomo diyan, dene gawehane diyan, iku madangi pepeteng koyo mangkono maneh siro iku , upamane diyan wong kang bodho iku upamane pepeteng oleh diyan. Amadangono ing atine kawulo ing sun kang isih bodo-bodo, kaping nenem dawuh ing sun marang siro ojo pisan-pisan siro manut kelakuhane munafek, kawak kumawak lan tinggalo siro, yen den larak aken ati niro marang wong kafir mekah medinah lajeng dongo. Dongonipun mekaten; robana atina fidunya khasanah wafil akhiroti khasanah waqina ngadzabanar. Wahuto sang agung perabu malikuningrat sareng sampun telas anggeniro nampeni sasmito dalem , dawuh dalem ing kang gangsal perkawis kang mangkono teko merampang penggalih iro resulupo saliraniro. Angles sakjurune wardoyo. Dahat pungun pungun ing deriyaniro, sumukem ninggali pernojo sakelangkung , angemuwarsa.

Tembang Pangkur

Duh gusti pangeran kulo, nganioyo ing awak mami, alloh ngapura ing sun, lan boten paring rohmat, yekti kulo sedoyo puniko kalbu, golongan wong kapitunan, duh gusti pangeran mami.

lajeng dongo mangkene dongoniro#

robana dlolama anfusana wailam taghfirlana, watarkhamna lana kunana minal khosirin, ya nikmal maula wanikman nasir, walakhaula walakuata illah billahilngaliyil ngadim.

Wauto sang agung ingrat nabi agung jayeng ngalogo angunandiko saklebeting wardoyo#

Tembang Dandanggulo

Lah kepriye lelakon sun iki . sopo biso dadi perjurit ing jagatdikakenanggung ngumure.wus kersane rozuwang agung..nora kelilan anyulayani. Drengkini wong kafir iko. Persasat wakingsun. Anyeberang samudero walirang.lan angelangi angunging ssegoro getih. Nusup banjur atap teko.

Lanjutan Rawen IV

Lah kepriye bai lelakon sun iki sopo biso ngelakoni wong dadi perjurit ing jagat.dikaki nang ngumuri, wong sak jagat, nora kelilananulayani orengni wong kafir. Dadine awakku iki diagem ameng –amengan, angel temen lelakon wong kang dadi satriyaning jagat iki, persasat anyaberangsegoro walirang lan angelangi segoro getih. Nusup ganjur atap kolontoko, keramas kuku sing sendono, yen datan gebeneran dadi intipe neroko. Lahing riku li basah ngabas kelawan ali basah putedah puniko niyoko ageng setengah saking sokhabat muhajir,

pengagenganipun, ingkang suwan wonten, ing ngarso dalem.waspodo tingaliro, yen gusti ngemusungkowo lajeng matur mawi sekar pangkur.

Tembang Pangkur

Duh gusti bendoro kulo . kulo sawang gusti semunyo kikin. Punopo ingkang kinalbu. Kawulo nyuwun periso. Lah punopo kedwuhan mering yang agung. Duh gusti bendorokulo. Mugi maringono uning.

Aduh gusti # kawulo wong agung jayeng ngalogo jerih kawulo kaabdekakenpatik beran. Kulo nyuwun deduko kami purun nyuwun perikso.kulo sawang semunipun mangun sungkowo.abdi dalem kulo nyuwun perikso biyar.limutan biyantoro niro periyang-periyang sami angusap waspo nulyo angunandiko, mawi sekar asmorondono.

Tembang Asmorondono

Lah kadi pundi to niki. Awak mami dino weruhan . supoyo anindakake. Merangi wong kang jahat. Tan keno sinonggo gampang. Perang tanding mering wong kufur. dos pundi iguhing paman.

Lanjutan Rawen IV

Kadi pundi paman yen maniroing dintenpuniko tampi dawuh dalem. Maniro buyo kalilan nyulayanidengking wong kafir. Yen wong kafir, angelebet sekatahi panginan sumur-sumur jamban-jamban patirtan dalan-dalan perapatan. Puniko dikak aken ngendel aken biso haos.lah kadi pundi paman?menawi telas boloniro. Wauto peryayi basah sekaliyan sareng mireng dawuh dalem anulyo angerih-rih sungkawanirosang nalindrotomo. Haduh gusti kawulo sang perabu jayeng buwono. Lemmekaten leres dawuh dalem. Gusti ingkang agung moho mulyo. Puniko dikakaken paserah dumateng dat ino kang isa.panjenengan dalem kakarsakakenkawerat penggalih dalem.lan boten karidon peperangan dateng projo tuwin panjenengan dalem dipun kersaakensobar penggalih dalem. Lahing ngariku , ali basah zujat peryayi niyoko saking sohabat mukhajir lajeng sumengko matur ngageem sekar pocong.

Tembang Pucung

Gusti ulun paringno kang abdi matur. Yen wonten payudan kaabeno lawan mami .tumpang pupu kantar baulan kawulo.

Rawen V

Haduh gusti# kawulo perabu agung ingkang sudibyo. Yen mekaten dawuh dalem boten karidon penganioyo anipun tiyang kafir, puniko maksutipun benjang nek wonten , ayat kital,, benjang yen wonten payudan dipun abeno kaliyan kepelok adu dodo tumpangan pupu cancangan berengos, kantaran bau.kapangihno kawulo

piyambak. Kawulo sarwi metenteng menteleng pasuwananiro.nampil wentis gumujenge lelono, huhaha...lahing riku sang perabu surohing jagat teko lejar penggalih iro.sakelangkung denyo merwoto sutowedaripun puteking deriyojumeneng kasudibyan iro enget ing kasateri niro anulyoangendiko.kadi pundi paman?paman aturipun sareng miharso aturipun ingkang paman seh zujat.kawulo mirenga ken inggih leresaturipun paman.maniro saweg dados nur. Suwan wonten pangayunan dalem gusti ingkang moho mulyo. Anggenipun iro sujud sewu tahun sampun dipun janji maniro binjang badedipun aben kaliyan tiyang kafir.lan dawek dipun parengaken manukmo wonten tapeli, iyang adam.maniro inggih dipun janji maniro sinaudados ratu.maniro tumut mukti seri manukmo, eyang adam dados ratu wonten suwargo. Lajeng eyang adam ,tinurunaken ngalam donyo maniro dipun elih dipanukmakaken wonten igo wekasane eyang nuh. Maniro dipun janji dipun abeb kaliyan tiyang kafir. Lajeng selamat eyang nuh,saking toyo samudero pitulungi pangeran.sebab maniro malah tumut kamut wonten perahuni , iyang nuh. Lajeng maniro dipun janji sinahu memeng sahan kaliyan tiyang kafir. Milo iyang ibrohim selamat saking pabesemani apine rojo namrut. Inggih pitulungipun pangiran sabab maniro paman.lahing riku lajeng matur basah zujat lajeng dipun tembangi. Sinom

Tembang Sinom

Duh gusti bendoro kulo. sinten umat pinaringa nur sejati sedoyo samyo waluyo. Senajan kawulo alit antuk sawabe jeng nabi.kinersaaken mring yang agung. Senajan ibu lan romo. Kinuncatan nur sejati kadiyo senadut tiyas siro kawulo.

Lanjutan Rawen V

Haduh gusti, kawulo wong agung ingkang minulyo, yen mekaten panjenengan dalem puniko kang jejuluk sang perabu lunggono. Sinten ingkang katurunan nur dalem, mulyo sedoyo dalah ibu tuwin romo, yen den oncati ing nur dalem kadiyo sinaput tiyas iro sigero.

Syair He Allah

He allah kang sifat rohman aparingo kasantosan, lawan pitulunging wali, wali kutub ing sosaman//semang driyo katengan, dangi dro-indro jolo//den prayitno-den prayitno, ing drane pulung nur cahyo// He allah kang sifat rohman aparingo kasantosan, lawan pitulunging wali, wali kutub ing sosaman//manukmo ing wong kang agung, ingkang budi rojo-rojo//den pernyoto-den pernyoto, mungsuhamu podo perwiro//yen manukmo, yen manukmo, banjur mulyo tan kiniro// He allah kang sifat rohman aparingo kasantosan, lawan pitulunging wali, wali kutub ing sosaman//lamun siro yen garbini, sangumu den oleh bejo//melu mulyoto siro, nur iku luwih mulyo// He allah kang sifat rohman aparingo kasantosan, lawan pitulunging wali, wali kutub ing sosaman//luwih bejo nguro huro, yen oleh mustiko cahyo//daru tibo ing manungso,dadiyo noto perwiro// He allah kang sifat rohman aparingo kasantosan, lawan pitulunging wali, wali kutub ing

sosaman//ndaru iku cahyo niro, gusti kulo luwih mulyo//luwih iro mubyar-mubyar, anglir wulan mowo sutro// He allah kang sifat rohman aparingo kasantosan, lawan pitulunging wali, wali kutub ing sosaman//demi alloh sewaktu-waktu, tibaniro alloh-alloh//cadangono-cadangono, ing wektu ferdu lelimo// He allah kang sifat rohman aparingo kasantosan, lawan pitulunging wali, wali kutub ing sosaman//luwih bejo wong katiban, daru cahyo ingkang mulyo//bejo menowo asolat,ing ferdu wektu lelimo// He allah kang sifat rohman aparingo kasantosan, lawan pitulunging wali, wali kutub ing sosaman//solat iku wong abi dungo, ing nur ingkang amulyo//rino wengi asolato, bidungo nur ingkan mulyo//nur muhammad pamilihe,manungso kang kanggo sarate, tinimbango ing liyane, luwih-luwih mulyaniro.

Rawen VI

Sabet byar Lahing kono wau ono babakan anglayoni tunggal tandane seje tanahe# Lahing riku wonten cariyos saking kiyahi, yazit puniko putranipun jaler, kiyahi ngabdulloh,wondene kiyahi ngabdulloh , puniko putranipun kiyahi wahab. Kiyahi wahab puniko angsal cariyos saking ingkang bibi retno suwaibah . anderek retno suwaibah puniko anyariosake angsalipun dewi sakdiyah ratu aminah ambobotaken ing bendoro gusti muhammad. Iku ora nganggo loro.lan ora ngeroso uwah lan ora payah koyo kang lumrah.ono dene pangarsane ratu aminah amung iling cahyone, laan ing wengine dino somo.ratu amineh sarehni sumpeno katingal ketemu wong nini tuwo ing antarane sare lan wungu iku tegese. Re-rem ayam lan nini tuwo iku anuturaken yen ratu aminah ambobotaaken nabi kang luwih mulyo, waangsulane ratu aminah ora ngeroso awerat lahing riku sakdiyah retno aminah #byar#lajeng wungu angenipun sare nyat. Pungun-pungun ing driyaniro engen anggeniro nyumpeno langkung rame ing wardoyo sarwi ngusapi ing padaraniro. Yo mangkono yen ngendiko saklebet ing wardoyo. Ya alloh dat kang moho kuwoso dadi aku iki mau ngimp, ujarring wong kuno yen wong turu bangun iku ujare temenan.bok iyoho tak titenaani mono. Lahing riku sang ratu aminah pendak dino somo ing dalu sare nyumpeno maleh sarto asung pawulangane, wong wadon awerat mangkini . Allohuma angudubillah al wakhidi asomadi min saril udini khasad angelinddung ing alloh kang duweni sifat esa. Lan kang ora edan asal-usul.mugi-mugi alloh angedohono saking panggawi olo saking wong kang podho drengki. Lahing riku ratuaminah .byar. wungu anggeniro sare sarwi mahos istifar lan ngapalaken dungo pamulange , sakjeruni nyumpenio malah dipun apalake saben-saben dino, saben –saben bengi. Kang sinakon sangang wulan. Mangsane miyos waweratan ipun. Wauto ningno, caritane ratu aminah kocapo kondo nyambunge cerito bongso kamulyan kang pungkasan. Ya alloh dat kang mulyo akarso angatahaken kawuloniro kekasih dalem ingkang nomo kanjeng nabi muhammad muhammad, ingkang badi angasto panguwoso saringat ingkang ing akhire zaman. Dawuh dalem gusti ingkang moho miseso . dawuh marang moloekat jabaroil dikaken, mundut siti ing pakuburanipun, poro nabi ingkang mulyo-mulyo. Moloekat lajeng ngamaniro pertolo lajeng dipun ubeng aken ing suwargo nangim lajeng dipun kumbah ing bengawan naim, naim tumuli dipun aturaken wonten pangayunan dalem ingkang moho mulyo lahing riku medal

keringet iro moyo-moyo dumilah saking kersanipun pangiran . ingkang moho miseso . keringetipun tampele muhammad . puniko dadosaken roheporo nabi-nabi sedoyo. Wondene siti puniko dipun titipaken wonten gigiripun tapele adam, wondene tapele gusti nabi adam . lajeng dipun panukmani nur muhammad ing kasebut ngajeng puniko wahu. Lahing riku gusti kanjeng nabi adam gesang pepagere sesaranduning manungso jumeneng nisan pramilo sampurno, lajeng dipun parengaken dados ratuning moloekat , anggenyo sujut marang kanjeng nabi adam ing riku gusti kanjeng nabi dipun paringi dampar cahyo , lan makuto kaparayuning nalindro landipun paringi ngelmu sastro candroningrat. Kasuliran kanugrahan kasantosan , angger mas dadiyo nalindro . wondini priyayi ageng moloikat sedoyo dipun dawuhi dumateng gusti nabi adam. Nabi gung ratuning suwargo, nanging ono moloekat sawiji aran moloekat idajil, Dahat deniro lenggono , malah-malah dadiyo satron siantron turune nabi adam lan turuni idajil isih satron anggoni tekan jaman akhir rusake bumi lan lanit, lahing riku kanjeng nabi adam dipun ungati nur muhammad, kanjeng nabi adam anandingi sungkowo, dipun dukuni, gusti ingkang moho agung, ingkang moho mulyo . sebab ipun dahar wohing khuldi, iku dadiyo larangan gede lajeng tinurunaken dateng ing donyo, dawahing bumi selan dadiyo wijine manungso, sekehing mewah, anurunaken poro nabi ingkang ageng-ageng lahing riku, nur muhammad dipun panukmakaaken kekasihi alloh poro nabi ingkang mulyo-mulyo. Soko warnani tiyang ingkang dados kekasih dalem dipun serambah nur muhammad. Sedoyo malah- malah dipun panukmakaken wonten purusipun tiyang ingkang mulyo lan tiyang ingkang ahli budi pekerti ingkang asmo raden ngabdulloh putranipun, kakung moho rojo ngabdul muntolib. Rojo ngabdul muntolib, ingkang putro moho rojo hasyim. Kiyayi hasim ingkang putro kiyai quso. Kiyai quso ingkang putro kiyai kilab. Kiyai kilab ingkang putro kiyai murih , kiyai murih ingkang putro kiyai kangab, kiyai kangab ingkang putro kiyai luid, kiyai luid ingkang putro kiyai gholib, kiyai gholib ingkang putro kiyai fihir, wondene kiyai fihir puniko jejuluk kiyai kures , trah saking istri bongso kures, tegesipun kures iku negarani bani kures kiyai kures iku ingkang putro kiyai kinani., kiyai kinani ingkang putro kiyai malik, kiyai malik ingkang putro kiyai nador, kiyai nador ingkang putro kiyai khuzaimah, kiyai khuzaimah ingkang putro kiyai mudrikah, kiyai mudrikah ingkang putro kiyai ilyas, wondene kiyai ilyas puniko wiwitanipun, tiyang angsal pituduh, tegesipun awit anglakoni agomo islam, saringatipun kanjeng nabi ibrohim. Wondene kiyai ilyas puniko putranipun jaler kiyai muso, kiyai musoringkang putro kiyai sirot, kiyai sirot ingkang putro mangad. Kiyai mangad ingkang putro kiyai adnan wondene kiyai adnan putro jaler engkang tedak kanjeng nabi ibrohim. Kholifatulloh mangkono raden ngabdulloh sareng katurunan nur buat. Lahing riku lajeng gumebyar, cahyoniro angebaki sak buwono sumunduling ngawiyat, geter pater mowo ruhan. Jumegur lor wetan, kidul kulon nyembah manengkering buono. Lahing riku raden ngabdulloh kawerat bingung, puyang payingan, deniro ningali cahyo anglir buono. Ing kono wahu raden ngabdulloh sareng angsal cahyo kang mulyo., baguse manga weruho manise uleng-ulengan gandane undung-undungan, wilete ulet-uletan. ngengerengi arebutan besuse sarwo edi pantese kumeruwus sak gongone tibo pahit ing lisaniro rentet wedaring sabdo sumyah semunyo moyo-moyo sarwi temuho tengahing tawang. Lahing riku lajeng wonten

jati suworo dumeling saking ngawiyat hi,,,hi,,, ngabdulloh ojo siro bingung , lan weruh siro iku kanggonan cahyo nurbuat soko anutaken siro nabi mustikaningrat lan ngati-atiyo siro ngabdulloh, nutfa iro ojo gawe nebak koyo sopo-sopo anging ono bakal anampani nutfah iro kang aran siti aminah iku wong wadon kang suci saking duso, lan kang dadiyo gustini wong wadon bani nujar. Lahing riku raden ngabdullohn lan dewi aminah sareng sampun campuring asmoro paworing roso mulyo jumbuhing tinakon kang bongso rokhim. Wauto lajeng byar, mencorong wonten lambungi ratu aminah,lan mencorong semunu moyo-moyo tejo wonten larapanipun ratu aminah , puniko pertandane yen nur buat sampun tumibo manukmo marang sang ratu aminah, lahing riku sang ayu ratu aminah cayaniro moyo-moyo anglir sewongko semunyo ngidam idam kawerat angenipun bobo, sampun angsal sak wulan. Lahing riku wahu dalu sare nyumpeno katingal dipun wiyosi. Engkang eyang kanjeng nabi adam, lan aparingi perikso yen ingkang wayah siti aminah, ambobot takonani gung suryang ngalam, sareng angsal kaleh wulan anggeniro ambobot ratu aminah sumpeno dipun wiyosi ingkang eyang kanjeng nabi idris lan aparingi perikso dumateng ingkang wayah ratu aminah , bobot aken nabi bade dados ratunipun poro rojo-rojo bobot tigang wulan sumpeno, dipun wiyosi ingkang eyang kanjeng nabi nuh ngalaihi salam. Lan paring perikso yen ingkang wonten bobotan puniko nabi kang bade pitulung lan pambuko, sareng angsal kawan wulan , sumpeno dipun wiyosi ingkang eyang kanjeng nabi ibrohim lan aparing perikso., kelakunganipun kanjeng nabi muhammad, ingkang wonten bobotan puniko., bobot angsal gangsal wulan nyumpeno dipun wiyosi ingkang eyang kanjeng nabi ismail lan angudang-ngudang.. bobotipun ingkang wayah ratu aminah , bade nabi perwiro , kasosro ing buwono.bobot angsal nem wulan nyumpeno dipun wiyosi ingkang eyang nabi musa.lan aparing perikso yen ingkang wayah bobotaken nabi bade dipun ajerihi satu kumelip lan buron daratan mewah samudero sareng angsal pitulung wulan, sare nyumpeno dipun wiyosi ingkang eyang kanjeng nabi dawut, lan aparingo perikso nabi ingkang wonten bobotan punikonabi bade kagungan maqom mahmud lan bakdiromaqud. Sareng angsal wulung wulan sare nyumpeno dipun wiyosi ingkang eyang kanjeng nabi sulaiman lan aparing perikso nabi ingkang wonten bobotan puniko nabi akhire zaman, sareng angsal sangang wulan , sare nyumpeno dipun wiyosi ingkang eyang kanjeng naabi ngisa lan aparing perikso, yen ingkang wayah bade miosaken nabi kang kagungan agomo. Kang sokheh wondene poro nabi puniko sami kimawon aparing pangandiko yen sampun lahir sijabang bayi . dipun kersakaken nama aken muhammad sollohungalaihi wasalam.

Tembang Sinom

Nabi Idris sampun kesah Aminah wungu angguling , kagetunsumpenanairo, tutur marang ibu malih, ibu kawulo ngimpi nabi Idris atatamu, inggih bagus suwaranairo, alon pangandiko sigit. Anak kulo mbinjang amengku buwono. Bejane gedene ngelmune katah mukjizati jembar budi niro ingkang ibu alon nyahuri. Teko menengo nini ojo siro sirbi-sirbin mendel siti aminah, nuli molo ikat perti aweh weruh aminah, putramu bajang.

Lanjutan Rawen VI

Wauto sakdiyah retno ratu aminah . kacarito naliko sampun kerahos gerahipun bade kagungan putro wondeni ingkang nenggoni amung sakdiyah siti asiyah tilas garwanipun sang rojo firngon kaliyan siti maryam ingkang putro istrinya bagendo ngumar wondini ingkang ngeladosi ibu maryam lan ibu asiyah poro widodari samyo tumurun sangking suwargo soloyo, bade tetulung dumateng sakdiyah ratu aminah, gandaniro mulek ngambar mulek arum sawek kaleresan boten wonten dilah, wondene ingkang dados dilah cahyanipun poro widodari ingkang samyo tetulung puniko.lahing riku sang ratu aminah lajeng singir penggalih iro ical kuwatir iro , wondene ingkang nyudang ibu asiyah ingkang anjagani ing pangayunan ibu maryam. Wondene sakatahe poro waranggono sami amuji mujikaken sugengo ing wiyosipun gusti muhammad suwara niro terus maring ngindro buwono.

Rohmating hyang

Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//wiyosipun gusti timur pangarsane lir sinongko//cahyaniro-cahyaniro sing rajah amoyo-moyo// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//wiwitipun sang muhammad, baguse tan nono madani//warna niro, warna niro sang kakung tan nonio mimbo// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//wiyosipun sang taruno, dadyo kondhange wanudyo//dadiyo ujate wong priyo, wilet undung undungan// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//wiyosipun sang atmojo, kinondo ing wiwit mulo//yen ora mengkono ho, tan ono ingkang anedyo// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//wiyosipun sang sudarmo, bongso hasyim tedake//bangso niro, bongso niro, bongso agung bongso mulyo// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//inggi puniko kang nuhoni, selamine poro sejo//inggi puniko,inggi puniko, ingkang dadi goro-goro// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//inggi puniko kanjeng nabi, busono nur ingkang mulyo//anglir merco kinendipen, busanane nabi kito// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//moloikat ing langit, ngundhang-ngundhang sedoyo//lah yo kang aran muhammad, baaguse ngebaki royo// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//mukjizate kanjeng nabi, iyo suworo sukmaniro//demi alloh gusti kito, kelangkung nidi bangkitnyo// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//kanjeng nabi ibrohim, mukjizate ngelmu roso//de alloh gusti kito, kelangkungi saking puniko// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro utusan//hai nabiku kang sinilir, den nyo tuk nanungso//pirang-pirang kang anyembah, kang muji podo moro.// Rohmating hyang pinarengaken kang nuduh ake ing kawulo, ing ratuning anbiya lan poro

utusan//hai kang bronto maring gusti, datan menggo ing atinyo//nabi kito warnaniro, tuhu bagus priyonggo//nabi kito sinung rohmat, lan sagunging kanugrahan//saben dino-sabendino, kang sampun lan sak puniko.

Rawen VII

Wauto yen kinondo datan ono pedote tansah, mangerengo ing panjenengan dalem gusti kanjeng sang niyoko ningrat, muhammad dinil mustofa, peramugarining akhiri zaman cinarito duk miyosipun saking pertapanipun gusti ratu aminah# brol# sangking mergo ino sampun ngagem celak, lan sampun sunat sampun pagas puser. Lahing riku lajeng dipun emban dumateng moloekat jabaroil, dipun unjukaken wonten pangayunan dalem gusti kang agung ingkang moho mulyo, ingkang puniko dawuh dalem dipun kersakaken ngubebg-ngubeng aken ing pejajahan pinggiripun bmi pitu lan langit pitu. Daratan mewah samudero lan sak isinipun sedoyo , sareng samoun telas sedoyo lajeng dipun wangsulaken wonten wengkang wentsipun sakdiyah ratu aminah, inngh puniko lajeng nabi gusti muhammad wonten ing pangayunan dalem , sak kedeping nitro , sak keplasing driyo , sak keclaping kilat, sampun terang pejajahan, jelek. Dumugi pangginanipun malih. Trenyuh atining manungso , rawuhipunkanjeng gusti muhammad. Teko gampang ilang ruwet renteng kasil pangupo jiwo, lan pekoleh sejani atine manungso, sinapuro sekehing duso tinutupan, sekehing celo, kabukak, sekahing prihatin, saking berkahing nabi kito muhammad lan ramiharjo sekehing projo, birak atini kawulo.

Tembang Mijil

Putraningsun, turjahid alindri. Lir subuh sinorot.rekmaniro lir panglong wengini. Luwih padang tinandinging langeni. Bagus irung bangir. Gumebyar tur lurus.

He Syekh Kito

He syekh kito sakehi, kekasihe gusti alloh//ingkang mulyo gusti kito, ratu adil polo marto//ono wulan medal saking wedananiro kanjeng gusti nabi//sakjrni mulut kang sasi, ngungkuli baduwi khasori// He syekh kito sakehi, kekasihe gusti alloh//ingkang mulyo gusti kito, ratu adil polo marto// He syekh kito sakehi, kekasihe gusti alloh//ingkang mulyo gusti kito, ratu adil polo marto//gilar-gilar sak buwono,sorot iro moloikat ngaling-ngalingi//ing wiyose gusti nabi, antarane panjang lan siti// He syekh kito sakehi, kekasihe gusti alloh//ingkang mulyo gusti kito, ratu adil polo marto//cinarito-cinarito jerune, sasi mulut wiyose kanjeng nabi//ing wiyose jeng gusti nabi, siro podo mulyaake//He syekh kito sakehi, kekasihe gusti alloh//ingkang mulyo gusti kito, ratu adil polo marto//dung ngudungan bagus iro, kanjeng nabi adewe//gilar-gilar warnaniro, ngungkuli sakehiwarni// He syekh kito sakehi, kekasihe gusti alloh//ingkang mulyo gusti kito, ratu adil polo marto//lenggah merapet gusti kulo,kang bejo jembar puniko//tindaknyo ngungkuli sirah, sifat netro yen lumaris// He syekh kito sakehi, kekasihe gusti alloh//ingkang mulyo gusti kito, ratu adil polo marto//ambak kiyai

ho asih ipun, wong kang podo perang sabil//mantepe ing ati iro, tinggalono pendak sasi// He syekh kito sakehi, kekasihe gusti alloh//ingkang mulyo gusti kito, ratu adil polo marto//rohmate allah puniko, tan ana kendhat-kendhate//lir pindah wandoni perdopo, sure-sure lawan pagi.

Syair Alon- Alon

Alon-alon lumakumu ndak kesandung, yen kesandung badan alus mandeg mayong gusti allah nyuwun ngapuro, sujudtono panggugahing badan sukmo, ono tangis layung-layung tangise wong ngalam donyo, gusti allah nyuwun ngapuro.

Syair Pitik Tulak

Pitik tulak pitik tukang, tinulaking jabang bayi, ngedohaken cacing rancak, sarap sawan pun sumingkir, si tukang manggon ing ngarso, si tulak manggon ing margi.sifate alloh puniku kabeh patang puluh siji kalih doso ingkang mukhal, kalih doso ingkang wajib, dene sifat ingkang wenang puniko namung sawiji.

Lampiran III:

Struktur Pengurus Kesenian Tradisional Shalawatan Emprak

Klenggotan, Srimulyo, Piyungan, Bantul

**STRUKTUR PENGURUS KESENIAN TRADISIONAL SHALAWATAN
EMPRAK**

KLENGGOTAN, SRIMULYO, PIYUNGAN, BANTUL

Pembina : Kyai M. Jadul Maula

Ketua : Supandi

Wakil Ketua : Anzieb Morphan

Sekretaris : Imamul Mutaqqin

Bendahara : Irfan Zaki Ibrahim

Penanggung Jawab :

1. Tari : Mbah Mitro, Ngadilan, Adi
2. Musik : Mulyono, Nurdin
3. Tembang dan Dalang : Sukadi

DAFTAR RIWAYAT HIDUP

IDENTITAS DIRI

Nama : Misbachul Munir
NIM : 05120047
Fakultas : Adab dan Ilmu Budaya
Jurusan : Sejarah dan Kebudayaan Islam
Tempat/Tanggal Lahir : Bantul, 14 Maret 1984
Alamat Rumah : Dusun Salakan Rt 02, Desa Potorono,
Banguntapan, Bantul, Yogyakarta

ORANG TUA

Ayah : Jumhan (alm)
Ibu : Rochati

RIWAYAT PENDIDIKAN

- | | |
|----------------------------------|------------------|
| 1. SD N 1 Salakan | Lulus Tahun 1997 |
| 2. SLTP N 1 Banguntapan | Lulus Tahun 2000 |
| 3. SMAN 1Pleret | Lulus Tahun 2003 |
| 4. UIN Sunan Kalijaga Yogyakarta | 2005-sekarang |

PENGALAMAN ORGANISASI

1. Ketua Sanggar Nuun Fakultas Adab dan Ilmu Budaya UIN Sunan Kalijaga, (periode 2009-2012)
2. Penanggung Jawab Bidang Media dan Jaringan LESBUMI PWNUI DIY, (Periode 2011-2016)